

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun nganalisis struktur carita, karakteristik tokoh utama, jeung nganalisis hasil panalungtikan pikeun jadi bahan ajar. Tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta: 1) maluruh struktur carita dina novel *Babalik Pikir*; 2) maluruh karakteristik tokoh utama dina novel *Babalik Pikir* dumasar kana pamarekan psikologi perkembangan; jeung 3) larapna hasil panalungtikan pikeun dijadikeun bahan ajar. Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta, struktural, perkembangan kognitif, jeung kritéria milih bahan ajar. Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kualitatif kalayan metode deskriptif analitis, sedengkeun tehnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta studi pustaka.

Sabada dipaluruh, struktur carita dina novel *Babalik Pikir* karya Samsodi, téh miboga struktur carita nu lengkep ku kasampak ayana téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Téma nu diangkat dina ieu novel téh nyaéta hiji budak anu miboga pasipatan kurang hadé, tara ngagugu jeung bahula kanu jadi kolotna anu dina pamustanganana sanggeus ngalaman rupa-rupa kajadian ngajadikeun manéhna babalik pikir robah ka jalan anu bener. Galur nu digunakeun dina ieu novel téh galur maju atawa mérélé, éta hal katitén dina tiap kajadian nu dicaritakeunna ngaruntuy. Tokoh atawa palaku nu kapanggih dina ieu novel téh aya 17, tapi teu sakabéh tokoh mangrupa tokoh penting jeung kapaluruh watekna. Tina 17 tokoh nu bisa kapaluruh watekna ngan aya 9 tokoh. Pangarang ngawincik latar jadi tilu, kayaning latar tempat, latar waktu jeung latar sosial.

Judul nu aya dina ieu novel téh geus luyu pisan jeung eusi novel nu dicaritakeun. Ku sabab, némbongkeun kaayaan nalika Si Eméd babalik pikir robah pasipatan tina goreng jadi hadé sabab geus meunang rupa-rupa kajadian jeung pangalaman nalika dihukum di pangbuian budak di Samarang, sedengkeun Puseur implengan nu digunakeun dian ieu novel téh nyaéta jalma katilu teu kawatesanan. Gaya basa nu digunakeun ku pangarang dina ieu novel téh nyaéta basa sunda heubeul jeung tata basa sunda heubeul.

Karakteristik tokoh utama dina novel *Babalik Pikir* dumasar kana pamarekan psikologi perkembangan, nu nyaritakeun ngeunaan tokoh utama nyaéta Si Eméd budak umur tilu welas taun nu kaasup budak dina mangsa operasional formal. Dina ieu fase budak bisa ngagawéan hiji hal sacara logis. Artina, geus bisa maké akal, nalar, jeung kajadian-kajadian hipotesis nu bisa dialaman sacara langsung. Karakteristik nu kapaluruh dina tokoh utama ieu novel nyaéta Si Eméd aya 24 karakteristik nu luyu jeung mangsa operasional formal.

Ieu hasil panalungtikan téh bisa dipaké pikeun ngeuyeuban bahan ajar di sakola, ku sabab ieu novel téh nyumponan lima kritéria milih bahan ajar nu ngawengku: 1) udagan nu hayang dihontal; 2) dianggap miboga ajén pikeun kahirupan manusa; 3) dianggap miboga ajén minangka warisan ti entragan saméméhna; 4) aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmu; 5) luyu jeung kabutuh katut minat siswa. Ieu novel téh miboga ajén kahirupan nu bisa jadi pieunteungeun pikeun barudak. Sanajan aya carita nu kurang merenah dina ieu novel tapi ieu novel téh miboga ajén-ajén nu bisa jadi cecekelan keur kahirupan.

Sabada dipaluruh jeung dianalisis, bisa dicindekeun yén ieu novel téh miboga struktur carita nu lengkep, karakteristik nu luyu jeung mangsa operasional formal. Ieu novel gé bisa dilarapkeun pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran maca novel di SMA/SMK/MA/MAK sabab geus nyumponan lima kritéria dina milih bahan ajar.

5.2 Implikasi

Ieu hasil panalungtikan téh miboga implikasi dina widang atikan, pikeun guru jeung siswa dipiharep bisa dipiharep nambahan pangaweruh dina bahan ajar di sakola, ogé bisa numuwuhkeun karesep tur karepna siswa kana diajar basa jeung sastra Sunda. Dina widang sosial dipiharep bisa méré pangaweruh jeung ngeuyeuban bacaan-bacaan hususna pikeun budak.

5.3 Rékoméndasi

Aya sababaraha rékoméndasi nu kudu ditepikeun ka sababaraha pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, hususna pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngamanpaatkeun ieu panalungtikan pikeun jadi referensi minangka tatapakan panalungtikan saacanna. Pikeun guru dipiharep bisa ngamanpaatkeun ieu hasil panalungtikan pikeun ngeuyeuban bahan ajar di sakola, sedengkeun pikeun masarakat umum dipiharep bisa ngamanpaatkeun ieu panalungtikan pikeun jadi bahan bacaan nu bisa numuwuhkeun karep dina ngaraksa basa jeung sastra Sunda.